



Pou Piblikasyon Imedya: 23/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL KOUPE RIBAN POU OUVRI GRAN FWA ETA NEW YORK 2023 A

*Selebre entwodiksyon Vilaj Azyatik la ak amelyorasyon pou rann fwa a pi akeyan
pou tout Nouyòkè yo*

*Vizite Paviyon Kabrit ak amelyorasyon nan peyizaj lari Cheyenne, premye pwojè
investisman 34.7 milyon dola yo te anonse ane pase*

Pataje amelyorasyon nan aksè pou asire enklizivite nan espas fwa a

*Anonse nouvo RFP maketing 1 milyon dola pou estimile touris agrikòl ak mete
aksan sou fwa nan Konte yo atravè Eta a*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te ouvri Gran Fwa Eta New York 2023 a, ansanm ak responsab eta ak lokal yo pou yon seremoni inogirasyon pou lanse 13 jou nan pi ansyen fwa eta nan peyi a. Gouvènè a tou inogire Vilaj Azyatik, dènye Vilaj kiltirèl nan Fwa a. Gouvènè a ak Depatman Agrikilti ak Mache yo, ki sipèvizè Gran Fwa Eta New York la, te fè li yon priyorite pou asire Fwa a se yon espas ki akeyan pou tout Nouyòkè ak tout vizitè yo. Vilaj Azyatik la rejwenn Vilaj Latino, Vilaj Panafriken ak Vilaaj Endyen yo pral bay moun ki prale nan fwa yo opòtinite pou yo fè eksperyans, jwi ak aprann sou yon pakèt orijin ak kilti Nouyòkè yo.

"Gran Fwa Eta New York la se yon opòtinite enkwayab pou selebre kiltivatè, pwodwi, kilti, ak divèsite nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kiltivatè New York yo ak endistri agrikòl la esansyèl pou idantite nou, epi mwen ankouraje Nouyòkè yo ak vizitè yo pou yo fè vwayaj nan bèl tradisyon sa a epi selebre trezò abondan Empire State yo".

Vilaj Azyatik la, ki sitiye toupri Pòtay 4 nan fwa a, rekonèt kontribisyon, istwa, ak eksperyans kominote Ameriken dorijin Azyatik, Natif Natal Awayi, ak Abitan Zile Pasifik yo atravè mizik, dans, manje, ak yon kantite lòt evènman espesyal. Vilaj Azyatik la ap kontinye jiska samdi 26 out a 10 p.m.

Pandan vizit Gouvènè a, li te vizite tou amelyorasyon nann peyizaj lari yo te fè nan Restaurant Row, yon nouvo Paviyon Kabrit 2,500 pye kare – ki mache ak enèji solè epi ki ofri yon espas anplennè pou montre kabrit – ak yon nouvo kyòsk konsesyon 1,600

pye kare, ki ajoute nan seri estrikti pèmanan Fwa a. Amelyorasyon sa yo fè pati 34.7 milyon dola nan envestisman Gouvènè a te anonse pou Fwa a pandan vizit li ane pase a. Yon Sant Edikasyon sou Sè ak Òtikilti (Greenhouse and Horticultural Education Center), yon nouvo Etab Mouton ak Sant Lèn ak Ekiri ankou tou, yo prevwa ke y ap fini pou Gran Fwa Eta New York 2025 lan. Amelyorasyon sa yo bati sou plis pase 125 milyon dola nan renovasyon ak nouvo konstriksyon depi 2015.

Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard A. Ball, te deklare, "Li toujou bèl pou nou tounen nan Gran Fwa Eta New York nou an, pou selebre tradisyon New York nou renmen anpil sa a ki mete aksan sou sa ki pi bon eta nou an gen pou ofri. Soti nan manje bon gou ak mizik fantastik rive nan ekspozisyon agrikòl enteresan ki mete aksan sou travay di kominote agrikòl nou yo, Gran Fwa Eta New York la ofri yon bagay espesyal pou chak kalite vizitè. Mwen rekonesan ak tout patnè nou yo ki mete tèt yo ansanm, chak ane, pou yo òganize yon Fwa ki vrèman mete an valè tout sa ki gen pou nou renmen nan Eta New York".

Direktè Fwa Eta New York la, Sean Hennessey, te deklare, "Ane sa a, Gran Fwa Eta New York la gen anpil nouvo òf enteresan pou moun yo ki ale nan Fwa a – soti nan mezi aksè ki ogmante jiska ekspozisyon kiltirèl elaji – pou ede plis Nouyòkè kreye souvni ki nouvo epi ke yo renmen anpil sou Fwa nou an. Mwen pa ka tann pou m pataje nouvo inisyativ sa yo, epi selebre tradisyon ansyen yo, avèk vizitè yo pou yon lòt gwo ane nan Fwa a!"

Anplis de sa, Gouvènè a te vizite tou Youth Building, ki dènyèmman te jwenn yon nouvo ranp aksesib, ki bay moun ki sèvi ak chèz woulant yo aksè pratik sou platfòm nan. Youth Building akeyi espektak ak konpetisyon 4-H yo pandan Fwa a. Gouvènè a te patisipe nan pwogram 4-H Cornell Cooperative Extension pandan lè li te timoun, epi li se premye gouvènè an fonksyon ki te resevwa Meday Ansyen Elèv Distenge 4-H, yon onè ke yo te ba li ane pase.

Ranp lan se youn nan de amelyorasyon aksesibilite ke ekip administratif Fwa a te bay priyorite ane sa a. Anplis de sa, Fwa a te tou pave yon zòn gravye nan Suburban Park, pou pèmèt li aksesib pou chèz. Nan ane anvan yo, yo te bay plas aksesib nan Suburban Park nan yon estil platfòm; sepandan, moun ki itilize chèz woulant yo te oblije chita pi lwen pase sèn nan.

Pandan sitwayen/vwazen yo ap planifye vizit yo nan Gran Fwa Eta New York 2023 a, Fwa a ofri yon varyete akomodasyon pou moun k ap viv ak andikap yo. Yo dekri akomodasyon yo nan yon [Kat Sèvis sou Aksesibilite](#), yo bay sou sitwèb Fwa a ansanm ak sou kyòs dijital yo mete nan tout espas fwa a pandan Fwa a.

Nan kad angajman li pou ranfòse fwa konte ak lokal New York la, ki gen ladan pwomosyon kwaze avèk Gran Fwa Eta New York la, Gouvènè a te anonse lansman yon Demann pou Pwopozisyon (Request for Proposals, RFP) pou kanpay maketing ak piblisite ki koute 1 milyon dola pou ankouraje fwa lokal yo. Eta a gen plis pase 50 fwa konte ak lokal, ki ede eta a ekspoze pwodwi agrikòl, pratik, istwa, ak tradisyon yo.

Kanpay maketing ak piblisite a pral fèt pou ogmante prezans nan fwa konte ak lokal eta a, epitou pou edike kominote yo sou fason fwa yo ede sipòte ekonomi lokal yo ak agrikilti. Delè pou pwopozisyon yo se 18 oktòb 2023. N ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

Senatè Eta a, John W. Mannion, te deklare, "Jou ouvèti Fwa a se yon tradisyon nou renmen pandan n ap selebre Eta New York, kreye nouvo souvni, epi jwi tout ansyen sa nou pi renmen yo. Fwa a se yon faktè ekonomik pou Sant New York epi li se yon privilèj espesyal ak responsablite pou reprezante espas fwa a. Depi mwen te antre an fonksyon, mwen te sipòte plizyè dizèn milyon dola nan investisman kapital ak nouvo ekipman pou moun yo ki vin nan fwa a. Antanke Prezidan Komite Andikap la, mwen espesyalman fyè de nouvo amelyorasyon nan aksesibilite ki pral ede tout Nouyòkè yo patisipe nan fwa a epi jwi totalman. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip ak angajman li nan Sant New York".

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Gran Fwa Eta New York la se youn nan tradisyon anyèl mwen pi renmen isit la nan Sant New York. Li se yon tan pou montre tout bèl peyizaj, son, kilti, ak manje New York gen pou ofri. Ane sa a espesyalman eksitan paske yo prevwa anpil bagay ki pral ajoute nan espas fwa a, ki gen ladan nouvo Vilaj Azyatik la ak yon etab kabrit trè modèn. Amelyorasyon sa yo asire divèsite ak vitalite fwa a pou lavni, epi li pa t ap kapab fèt san lidèchip Gouvènè Hochul ak angajman li pou kenbe Gran Fwa Eta New York la kòm pi bon fwa nan peyi a".

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Gran Fwa Eta New York la se yon selebrasyon agrikilti New York ak tradisyon seksyon riral ke nou te cheri pandan plizyè jenerasyon, epi ane sa a, li retounen triyonfan avèk nouvo ekspozisyon ak opòtinite pou fanmi yo kreye bèl souvni nan Fwa a! Patisipan yo ka fè eksperyans fyète kominote riral nou yo, soti nan enkwayab espektak ak konpetisyon 4-H yo rive nan ekspozan betay yo ak ti machann kòmèsyal nou yo. Mèsi a Gouvènè Hochul, Depatman Agrikilti ak Mache, ak tout patnè ki fè fwa a tounen yon eksperyans inoubliyab pou tout moun".

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Sitiye ak fyète nan 129yèm Distri Asanble a, mwen vle akeyi tout moun yon lòt fwa ankò nan Gran Fwa Eta New York la. Mwen pa ka tann pou m wè tout nouvo atraksyon ak ekspozisyon pou 2023. Tradisyon ete sa a ofri yon chans pou vizitè ki soti toupatou nan peyi a fè eksperyans tout sa Eta New York gen pou ofri, soti nan manje ak amizman rive nan mete aksan sou agrikilti New York ak ti biznis yo".

Manm Asanble Pamela J. Hunter te deklare, "Mwen kontan akeyi retou Gran Fwa Eta New York la nan Sant New York! Ane sa a pote nouvo eksperyans enteresan pou moun yo ki patisipe nan fwa a, ki gen ladan Vilaj Azyatik la ak yon ekspozisyon dinòzò, ansanm ak amelyorasyon nan enstalasyon ak atraksyon ki egziste deja ki vize amelyore eksperyans lan pou tout Nouyòkè yo. Mwen espere wè fanmi ki soti toupatou nan rejyon nou an ap jwi eksperyans inik ke sèlman Fwa a kapab bay!"

Manm Asanble Albert A. Stirpe Jr. te deklare, "Tan datant lan fini. Gran Fwa New York la ouvri! Pandan 13 jou k ap vini yo, fanmi lokal yo ak touris yo pral jwi jwèt, manèj,

manje gou ak divès kalite ak amizman mizik klas mondyal. Li se yon fason pafè pou fini ete a. N ap wè nan Fwa a!"

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Kòm dabitid, mwen pa ka tann pou m jwi Gran Fwa Eta New York la. Fwa a bay yon bèl opòtinite pou wè ak jwi anpil nan sa eta nou an gen pou ofri. Mwen pa ka tann sitou pou m wè nouvo ekspozisyon ak amelyorasyon ki te fèt nan Fwa a ane sa a. Antanke Prezidan Agrikilti, mwen pral ale dirèk pou m wè nouvo ekspozisyon Vwa Agrikiltè ak Paviyon kabrit la. Mèsi a tout moun ki te travay pandan tout ane a pou gwo evènman sa a".

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a, McMahon, te deklare, "Konte Onondaga fyè dèske l ap resevwa Gran Fwa Eta New York la epi li akeyi plizyè milye ak plizyè milye vizitè ki soti toupatou nan eta a ak nan peyi a pou vin nan kominote nou an. Chak ane Fwa a ofri yon bagay nouvo ak enteresan, epi ane sa a pa diferan". McMahon te kontinye, "Mwen pa ka tann pou m wè yon lòt Fwa ki gen siksè ki mete aksan sou anpil kontribisyon Konte Onondaga ak Sant New York ofri epi mwen ankouraje tout moun pou yo vin vizite Gran Fwa Eta New York 2023 a!"

Majistra Syracuse la, Ben Walsh, te deklare, "Gran Fwa Eta New York la se sinonim ak Syracuse epi li se yon motè ekonomik pou vil la ak rejyon nou an. M ap patisipe nan fwa a plizyè fwa nan jou k ap vini yo, epi mwen ankouraje moun ki soti toupatou nan Sant New York, eta a ak nasyon an pou yo vin vizite anvan Fwa a fini. Avèk sipò Gouvènè Hochul, enstalasyon ak atraksyon yo kontinye ap amelyore. Ann fè Fwa Eta 2023 la se pi bon an!"

Gran Fwa Eta New York la ap kontinye jiska Jounen Travay (Labor Day) la, lendi 3 septanm.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)